Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2026 соналъул 16 январь Рузман № 2 (7933) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Барки

**ХIурматиял «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул хIалтIухъаби, журналистал ва ветеранал!**

РакI-ракIалъ баркула нужеда махщалилаб байрам - Россиялъул печаталъул къо! Жакъа газета ккола хIукуматалдаги халкъалдаги, аралдаги букIинеселдаги, инсанасдаги пачалихъалдаги гьоркьоб бугеб бухьен.




Районалъул тарихалъул, халкъалъул ва росдал гIумруялъул, рукIарахъиналъул ва гIадатазул бицунеб иццлъун ккола районалъул газета. Жакъасеб къоялда газеталъул хIалтIухъабазда цебе чIараб аслияб масъала ккола жамгIияталъухье битIараб информация щвезаби.

Гьарула нужее сахлъи, рохел, хьизан-рукъалъулаб талихI, гьабулеб ишалъулъ икъбал.

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

## Райадминистрациялда

## КIвар бугел суалал рорхана

13 январалда райадминистрациялъул данделъабазул залалда районалъул бетIер Шамил ГIумаровасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана учреждениябазулгун организациябазул нухмалъулел ва райадминистрациялъул хIалтIухъаби гIахьаллъараб данделъи.

Гьоркьор лъурал суалазул аслиял рукIана захIматалъулаб гIадлунизам цIуниялъул ва араб соналъ лъайкьеялъул управлениялъ гьабураб хIалтIул суалал.

Жиндирго кIалъаялъуль Шамил ГIумаровас тIадчIей гьабуна хIалтIул низам цIуниялда ва цадахь рекъон хIалтIи гIуцIизе ккеялда тIад.

-ХIаракат бахъизе кола цоцада дандги бан, рекъон, халкъалъул тIалабалги тIуран, гIуцIадго хIалтIи цебехун бачине,-ян абуна районалъул бетIерас.

Лъайкьеялъул управлениялъул хIалтIул хIасил бачунаго, гьеб идаралъул нухмалъулесул ишал тIуралев МухIамадхIабиб АхIмадовас кIвар буссинабуна, цо-цо захIматалъабазухъ ва церечIарал масъалабазухъ балагьичIого, хIалтIи тIадегIанаб даражаялда гIуцIун букIинаялда.

Гьедин, патриотикияб тарбия кьеялда ва рахьдал мацIал цIуниялда сверухъ гьарурал хIалтIабазул цояллъун ккола рахьдал мацIалъул диктант хьваялъулъ районалъул школазул 993 цIалдохъанас гIахьаллъи гьаби, СВОялъул гIахьалчагIазулгун ва гьезул улбулгун школазда дандчIваял тIоритIи, республикаялъул даражаялда тIоритIулел патриотикиял тадбиразулъ гIахьаллъаразе тIоцересел ва призалъулал бакIал щвей.

-Кидаго гIадин,спорталъулъги цебесеб кьерда руго нилъ. 100 проценталъ хьезарун руго 1-4 классазул цIалдохъаби хинаб кванидалъун. ЦIикIкIарасеб къадар школал хьезарун руго жакъасел тIалабазе жаваб кьоледухъ материалиябгун техникияб базаялдалъун. Амма, букIаниги руго жеги цвалде щун, тIадчIун тIуразе ккаралги хIужаби. КигIанго бокьичIониги, 9 ва 11 класс лъугIиялъул аттестатал щвечIого хутIана ичIго цIалдохъан, гьелда тIадги жеги хIалтIила, хадубккун гьединал цIалдохъаби рукIинарин ккола,-ян лъугIизабуна М-ХI.АхIмадовас жиндирго кIалъай.

Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Сиражудиновас жиндирго кIалъаялда тIадчIей гьабуна школалда малълеб байбихьул рагъулаб хIадурлъиялъул предметалда.

# ЩIалараб гIоларо, цIалкIизеги ккола

Нижехъ гьоболлъухъе щун вукIана Лъондода росулъа меценат АхIмад ГъазимухIамадов жиндирго вацасул вас МухIамадгун - Абу-Даби шагьаралда бугеб ГIарабиялъул Цолъарал Эмиратазул пачалихъияб банкалъул шаргIияб аудиталъул департаменталъул бетIергун. У, у, нужеда мекъи бичIичIо-рагIичIо: МухIамад ШагьрурамазановичккоIа дунялалдаго цIар араб банкалъул хIаким. Кинаб асарха ракьцоясдаса бугеб чIухIиялъ дир рекIелъ бижараб, бицун хIалкIоларо! ГIемерлъаги гьединал гIолохъаби ЦIумазул улкаялда.



БитIараб бицани, тIоцебесеб нухалъ рагIулеб букIана «шаргIияб аудитги», «исламияб банкинги» ва цогидалги гьелда хурхарал рагIаби.

-Таманаб жо цIализе ккезе бугин цин дицаго,-ян ккана ракIалде шаргIияб аудиталъулги исламияб банкингалъулги хьвазе ккани. Амма гьелдаса кIвар цIикIкIараб суал букIана живго МухIамадил хIакъалъулъ хьвазе ккейги. МугIрузул ракьанда расалъуда тIибитIараб магIарул росулъа къисматалъ кIиазарабилел соназул байбихьуда рикIкIадаб Египеталде ккараб МухIамадил хьизаналъ нахъе тараб нухлул лъалкIалги, исламиябгун светияб лъай тIалаб гьабулаго батIи-батIиял пачалихъазде рухьарал сапаралги-гIодов чIун, хIисаб гьабуни, таманаб ургьизе ккараб хIужа буго живго букIинеселъул ургьел гьабулезе чIагояб мисал буго. ГIадада гурелъул абулеб кинидаса бахъараб молоде щвезегIан лъай тIалаб гьабеян. Цо-цояз тIадеги жубала Китаялде щвезегIан лъелго унги тIалаб гьабизе кколин лъай абун. ТIадехун абухье, кIудияв хIакимчи вукIаниги, гIодовиччарав, сабураб каламалъул гIолохъанчи МухIамадил хIакъалъуль паркъараб тIоцебесеб пикру букIана «ГIадатлъиялъ тIадгIанлъарав инсан» абун.

Байбихьилин иргадал, рагIи живго МухIамадиеги кьун.

**Апарагльи: льаялъулгун гIумрудул университетал.**

-Нилъеда лъалаха араб гIасруялъул ахиралда рукIарал рагъулал тунка-хIусиял, цо дагьабги пикру цогидазулалдаса батIиял чагIазде гьабулеб букIараб гьужум. Дир эмен Шагьрурамазаница пикру гьабуна жиндирго инсуца малъараб динияб лъай-гIелму гьоркьоб кьотIизе течIого, Египеталде яги Сириялде ун, хадубккунги тIалаб гьабизе. Бигьа букIинчIо дир эбел-инсуе жидерго херал умумулги рехун тун, рахьун тIадегун, щиб кколеб лъалареб, кире кколеб лъалареб гьеб галиги тIамун, улка бахун кьватIирехун апарагълуде ине. БицинчIониги бичIчIулеб букIана гьезул рекIел хIал. 2000-леб соналъул 7 июлалда щвана ниж Сириялде ва байбихьана «цIияб» абуниги бегьулеб гIумру. Дагьа-макъабго гIараб мацI (Къуръан) гIалеб букIиналъги квербакъана лъай тIалаб гьабизе «рагьарачаризе». Гьебго 2000-леб соналъул октябралда дун цIализе лъугьана Дамаскалда бугеб Сириялъул пачалихъияб Аль Фатх институталде. ШаргIияб абун цIар бугониги, кьоло кIиго батIияб предмет лъазабулаан нижеца гьениб аслияб специалитеталда цадахъго. Нилъер гьаниб юридикияб гIелмуялда бащадаб лъай ккола исламияб университеталда доба кьолеб лъайги. Гьениб щвана дие исламияб лъаялъул кьучI. Хадубккун лъай щвана СагIудиялъул ГIарабиялъул Мадиналда бугеб Исламияб Университеталда. Гьенив цIализе дун лъугьана 2003-леб соналъ. ЦIали-лъай тIалаб гьабизе гьира бугел гIолилазул рес буго жакъа дуняласуль бокьараб улка-шагьаралда гьеб щвезе. Щибха гьелъие хIажатаб жо? Телефоназде ругьун гьаричIого, тIахьал цIализе малъи жидерго лъималазда эбел-инсуца, лъаялда тIадчIей гьаби: рахьдал мацIазда кIалъай лъималгун, авар мацIги малъе гьезда. ГIурус мацIалда дандечIараб гьечIо дун, гьебги лъазе ккола, жакъа ресал гIатIидал ругелъул, лъазе ккола гIарабгун ингилис мацIалги. Чидар пачалихъазул цIалул идараялде щведалги лъазабизе ккола бащадаб лъагIелалъ ингилис мацI. ЗахIматаб жо щибго гьечIо лъай тIалаб гьабизе кьваригIаразегун хадусеб гIумруялъул пикру гьабулесе. Малайзиялъул Куала-Лумпуралда бугеб халкъазда гьоркьосеб INCEIF университеталде цIализе лъугьараб 2010-леб соналъ байбихьана исламиял финансал, ай, процентали тIаде рехун, риба гьабун гуреб, шаргIияб къагIидаялъ банказдаса босараб гIарац хIалтIизабиялъул къагIидаби лъазаризе. Гьенивги цIалун щвана шаргIияб банкингалъул магистрасул диплом.

Гьанже цин лъаялъул университетазул бицунеб бугелъул, абун тела Бахрейналда бугеб финансазул институтазулгун исламиял банказул генералияб Советалда (СИБАФИ) лъугIизарунин профессионалияв курсал абун. Дун ккола Дубаялда бугеб арбитражалъул ва ракълилал хIукмабазде рачIунеб халкъазда гьоркьосеб институталъ къураб сертификаталда рекъон, исламияв арбитрлъунги. Арбитрасдаги диванчиянги абизеги бегьизе батила. ШаргIияв (шаргIиял суалазул рахъалъ) гIакълучи ва аудитор абун буго цоги махщел (специальность) Бахрейналъул халкъазда гьоркьосеб идараялъ къураб цоги сертификаталда рекъон буго.

АнцIила лъабабилеб сон буго шаргIияб аудиталъул рахъалъ консультантлъун хIалтIулелдаса.

ГьабсагIат нухмалъи гьабулеб буго Абу-Даби шагьаралда бугеб ГIарабиялъул Цолъарал Эмиратазул «Аль Масраф» пачалихъияб банкалъул шаргIияб аудиталъул департаменталъе ва СагIудиялъул банказул Цолъиялда гьелъул вакил хIисабалда, бачуна хIалтIиги.

Цевеккун хIалтIулев вукIана Халкъазда гьоркьосеб къоло щуго исламияб банкгун цадахъаб хIалтIи гIуцIараб Shariah Review Bureau идараялда. Гьенибги лъикIаб хIалбихьи щвана шаргIияб аудиталъулгун исламияб банкингалъулги ва исламияб экспертизаялъулгун финансазул идараби AAOIFIялъул тIалабазда рекъон шаргIиял къанунали цIунарал исламиязде сверизариялъулги.

ШаргIияв аудитор, къайи-къоноялъуль, къотIикъаязуль ва гьарулел хъулухъазуль шаргIиял тIалабал цIуниялъул рахъалъ эксперт хIисабалда батIи-батIиял пачалихъазул къоло кIиго банкгун, активазул анцIила анльго, страховияб анльго ва финансазулабгун техникияб лъабго компаниягун ва финансазулаб щуго идарагун хIалтIана. Вохарав вуго дунялалъул картаялда тIад гьитIинаб тIанкIлъун бугеб дир гIагараб Лъондода росуги ЦIумада районги дунялалдаго лъазабиялъуль дирги гьитIинабго бутIа букIиналдаса, дидасанги цебе чанги цIар арал дир росу-ракьцоязги ватIаналъул цIар борхатго ккун букIаниги…

ГIезе батила, гьарин, дир дипломазулги сертификатазулги бицунеб,-анги абун МухIамад пикрабалъ восана.

**Умумузул нухмалъиги, гIагарлъиялъул рахъ кквейги.**

-Щибха дие абизе бокьараб жо?...

ТIоцебесеб иргаялда, баркала кьола сундулъго дие кумек-квербакъи гьабурал эбел-инсуе, мунагьал чураяв кIудияв эмен Шамсулварае ва имгIалзабазе.

Хасго имгIал АхIмадие, Малайзиялъул университеталда дун цIализе гIарац хIажат бугин абидал, жиндирго ишалги кIиабилеб планалде рехун, дир цIали нухда ине, бачине гIарац битIарав.

# ЦIалараб гIоларо, цIалкIизеги ккола

1

Жакъа гьезда цеве нечадго гIодове къуланиги, гьезул диде бугеб божилъи хвезабичIин абун, вохунги вукIуна дун. Буго гьелъиеги цо гIилла: имгIал рагIулев вуго дида жиндирго лъималазда абулев Шагьрурамазанил МухIамад вугин нужер цIалул хьаравул: жакъа школалдаги, метер школа лъугIун хадусеб цIалиги кьварараб гьесул бербалагьиялда гьоркь букIине бугин нужерилан, гьев вукIине вугин нужее лъурал къиматазул диванчийилан. Гьелдего вахарав чи дун гьечIониги, гIагарлъиялъ диде гьабураб божилъи дица ритIухъ гьабун бугин абун цо бицун бажарулареб асар кIанцIана рекIелъе. Нужеда ккечIого букIине ракIалде дунго веццулев вугин, гьечIо: АхIмадида лъалебцин букIинчIо дун гьезухъе гьоболлъухъе вачIунев вукIин. АхIмад-дацил рагIиялда жинцаги гъулбасулин, цIалул завуч МухIамад Гъази (гьедин лъалаан дун ГIарабиялъ) вугин нужеран абуна хадубго имгIал МухIамадицаги.

Дие абизе бокьараб жо буго жакъа дун, магIарул гIадатияб хъизаналдаса лъимералъ нахъе тарал болъаби ругин жибго лъимералъул цIалуде гъираги, эбел-инсуца, МухIаммад аварагасул хIадисалда нахъги рилълъун, лъималазе мустахIикъаб лъай щвезе хIаракат бахъинги, сундулъго гьез дир рахъкквейгиян. Зулмуги гьабун, юристал, экономистал ва тохтурзабилъун цIализе ритIичIого, дур пикруялда рекъон, кинаб лъай дуе бокьун бугеб щвезе, гьаб цоялдаса гьелъул тIокIлъи-батIалъи щибан гьикъун, бахIс хIисабалда, щивас жиндирго пикруги загьир гьабун, пикру цойидеги рачIун, лъимералъ тIаса бищараб бакIалде цIализе ритIи бихьула дида битIараблъун. Щай? Щайгурелъул, гIемерал дандчIвайдал жидерго ракIаз цоги махщел тIаса бищун бугониги, эбел-инсуе бокьун, цоги бакIазде цIализе арал гIолохъаби, жидер махщалидаса думалъго батIиял бакIазда хIалтIулел, хIатта хурзалгун парникал рекьунгицин. Гьезда бичIчIулеб батилаха, лъай гьечIелгун рагъани, ургъелабалъе кколеблъиги, диплом кодоб бугониги, рекIел цIайи гьечIеб мехалъ, гьеб ишалъулъ жал махщалилаллъун кколареблъиги. Гьединал пишабазда хурхун, хасго жакъа къоялда ругел, бачIараб бугин тола дица цIалараб гIоларин, цIалкIизеги кколин абураб гIакъилал умумузул абиги.

Дун кинабгIаги лъаялда дандечIарав чи гьечIо, аслияб жо буго жидецаго махщелги тIаса бищун гIолохъаби цIали ва гьелдаса гьезие рохел ва эбел-инсуца рахъкквей букIин. Сундедай лъимал руссун ругел телефоналда, гьел кодосан рахъидал, сундедай гьезул ракIцIай-машгъуллъи бугеб абун хал гьабе, гьезулгун пикру-гIакълу дандбай, гьудуллъиялъулал гьоркьорлъаби чIезаре. Гьединаб гьоркьоблъиялъ мугъчIвай гьабула лъималазе жидерго хадусеб гIумрудулъ.

Цоги буго хитIаб хIисабалда, гIун бачIунеб гIелалда абизе рагIи: лъазабе рахьдал мацI, бокьа гIагараб ватIан, цIуне нилъерго умумузул гIадатал, абухъего, басриябги цIуне, цIиябги босе. ГIарабиялъ яшав гьабун ругел дир лъимал дица цIалудаса каникулал ругеб мехалъ ритIула Дагъистаналде: инсул лъандадерилги эбелалъул аварги мацIал жеги лъикI лъазаризе, кIоченчIого рукIине. Щай нилъеца гьел кIочене тезе кколел, кIинусгоялдасанги цIикIкIун соназ цере имам Шамилида цадахъ улка тун къватIирехун апараглъуде арал нилъер ракьцояз Турциялдаги, Мисри-Шамалдаги жакъаги цIунун ругеб мехалъ аварги рахьдалги мацIал?!

Дие абизе бокьараб жо букIана, цебе лъураб масъала тIубазе, гьелъ хIасил кьезе ккани, хIажалъулин дурго къвакIиги, кьвариги, къуркьунгутIиги, аскIор ругезул рахъкквейги ва нухги гIемерисеб нухалъ шагьра гуреб, сухъмахъ букIунин абун. Дир гIумруги гьединабго букIана: жиндилъ борхалъабиги сухъмахъалги гIемер ругеб. Доб Лъондодаги Гъизилюрталдаги цIалулеб мехалъ пикруцин гьабулеб букIун батиларо дица гуреб, гIагарлъиялъцин, гьелгуниял чидар пачалихъаздеги щвелин, ГIарабазул Эмиратазда «Аль Масраф» банкалда гьаб хъулухъ диеги щвелин абун. Гьеб ккола дир эмен Шагьрурамазанил лъималазе гьваридаб лъай кьезе букIараб гъира-шавкъ ва гьесул анищ тIубазе гIагарлъиялъ инсул ккураб рахъ, гьелде кьураб кIвар. ТIоцебесеб пикру букIана Мисриялде (Египеталде) гочилин абун, хадусел бахIсазул хIасил ккана Сириялде ин. Гьедин байбихьи лъуна нижер хъизаналъул щивас жиндирго лъаялъул нухде. Эмен цIалана Аль Азгьар университеталда, эбел-чидар пачалихъалдаса рачIарал студентазе хас гьарурал классалги ругеб Исламияб институталда, дун-Аль Фатфалда, яцал-Бадруддин аль-ХIасани институталда. ГьитIинав вацас тIоцебесеб классалде гали лъуна. Гьедин байбихьана рикIкIадаб 2000-леб соналда нижер хъизаналъул апараглъи ва лъаялде нух.

Жакъасеб харбилъ гIемер бицен гьабураб исламияб банкингалъулги, шаргIияб аудиталъулги, гьелъул хаслъаби-тIокIлъабазулги, бугеб кIваралъулги мухIканго бичIчIизеги гьабун, нилъеца бицен цоги нухалъ гьабила Аллагьас хьван батани. Жакъа Пачалихъияб Думаялъ тасдикъги гьабун, хIалбихьиялъулаб проект хIисабалда Дагъистаналдагун Чачаналда ва Татарстаналда Сбербанказул филиалалазда рагьун руго гьезул отделал ва амма пайда щибха… Пайда щибха, рекъонкколеб лъаялъул специалистал гьечIолъиялъ хIинкъи буго гьел къаялда. Гьелъ буго дица абулеб гьитIинго кIвар кьейин батIи-батIиял мацIал лъазариялде. Щай рукIине бегьуларел цIумадисел цогидазе мисалиб куцалда дунялалъул ва Россиялъул батIи-батIиял шагьаразда банказул хIалтIухъабилъун ва нухмалъулелллъун. Нилъее камураб щибго гьечIо-гIицIго нилъерго цIали-лъаялда тIадчIейги, нилъеего масъалаби цере лъейги гуреб.

Баркала нужее, райгазеталъул хIалтIухъабазе, ниж къабул гьарураллъухъ ва гIенеккаралъухъ. Дун божарав вуго цо-кIигониги гIолилас пикру гьабилин гьаниб бицаралъул ва лъай тIалаб гьабилин улкаялъул гIорхъи бахун добехунги. Ккараб кумек гьабизе дунги хIадурав вуго.

Гьединаб букIана ва буго рикIкIадаб Лъондодаса Шамсулварал Шагьрурамазанил вас МухIамадил, ай, дир, лъаялде галаби тIамураб гIумрудул сухъмахъ, жакъаги жиб гьаригьунккун цебехун унеб бугеб.

**Хадижат Залимханова**

# Решение №7

**сессии Собрания депутатов МР «Цумадинский район» от 30 декабря 2025 г.**

Принято Собранием депутатов
МР «Цумадинский район»
от 30 декабря 2025 г.

**О внесении изменений в решение №6 сессии Собрания депутатов МР «Цумадинский район» от 25 декабря 2024 г. «О консолидированном бюджете МР «Цумадинский район» на 2025 год и плановый период 2026 и 2027 годов»**

В соответствии с Бюджетным кодексом Российской Федерации, Федеральным законом от 20.03.2025 №33-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в единой системе публичной власти», Уставом МР «Цумадинский район» и бюджетным кодексом муниципального района «Цумадинский район», Собрание депутатов МР «Цумадинский район» **решает:**

1. Внести изменения в решение №6 сессии Собрания депутатов МР «Цумадинский район» от 25 декабря 2024 г. «О консолидированном бюджете муниципального района «Цумадинский район» на 2025 год и плановый период 2026 и 2027 годов».

2. Опубликовать настоящее решение в газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети Интернет.

3. Настоящее решение вступает в силу со дня его опубликования.

**Глава МР «Цумадинский район» Ш.Омаров**

**Председатель Собрания депутатов МР «Цумадинский район» Р. Магомедов**

**Приложение**
**к решению №7 сессии Собрания**
**депутатов МР «Цумадинский район»**
**от 30 декабря 2025 г.**

1.Увеличить бюджетные ассигнования администрации МР «Цумадинский район» в сумме 290,0 тыс. руб.

В том числе по коду:
01049900010040121 211 -222,0 тыс. руб.
01049900010040129 213 -68,0 тыс. руб.

2.Уменьшить бюджетные ассигнования администрации МР «Цумадинский район» в сумме 290,0 тыс. руб.

В том числе по коду:
01139900010040360 290 -290,0 тыс. руб.

3.Уменьшить бюджетные ассигнования МКУ «ОСХ» в сумме 356,0 тыс. руб.

В том числе по коду:
04059900020060244 340-200,0 тыс. руб.
04059900020060111 211-120,0 тыс. руб.
04059900020060119 213-36,0 тыс. руб.

4.Увеличить бюджетные ассигнования МКУ «ОСХ» в сумме 50,0 тыс. руб.

В том числе по коду:
04059900020060244 226-50,0 тыс. руб.

5.Увеличить бюджетные ассигнования МКУ «Редакция газеты Голос Цумады» в сумме 50,0 тыс. руб.

В том числе по коду :
12029900090300244 226-50,0 тыс. руб.

6.Увеличить бюджетные ассигнования МКУ «ЕДДС» в сумме 50,0 тыс. руб.

В том числе по коду:
03109900060300244 226-50,0 тыс. руб.

7.Увеличить расходы МКУ «УКС,МП и Т» в сумме 120,0 тыс. руб.

В том числе по коду:
08019900080020244 226-120,0 тыс. руб.

8. Уменьшить бюджетные ассигнования МКУ «Управления образования» в сумме 70,0 тыс. руб.

В том числе по коду:
07099900070040350 290-70,0 тыс. руб.

Увеличить бюджетные ассигнования МКУ «Управления образования» в сумме 70,0 тыс. руб.

В том числе по коду:
07099900070040244 226-30,0 тыс. руб.
07099900070040244 340-40,0 тыс. руб.

# Постановление № 1

**от 12 января 2026 г.**

В соответствии с Федеральным законом от 20 марта 2025 года № 33-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в единой публичной власти» и решением Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет Хуштадинский» № 2 от 30.12.2025г. **постановляю:**

1. Назначить членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «Сельсовет Хуштадинский».

2. Опубликовать настоящее постановление в газете «Голос Цумады».

**Глава МР «Цумадинский район» Ш. Омаров**

**Приложение**
**к постановлению Главы**
**МР «Цумадинский район»**
**от 12.01.2026 г. № 1**

## Члены

**конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «Сельсовет Хуштадинский» МР «Цумадинский район»**

| № п/п | Наименование сельского поселения | Ф.И.О. членов конкурсных комиссий, назначенных Главой МР | Место работы, занимаемая должность | Ф.И.О. членов конкурсной комиссии, назначенных решением Собраний депутатов СП |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Сельское поселение «сельсовет Хуштадинский» | 1.Магомедов Ахмед Шахбанович | экономист 2-ой категории МКУ «ОС, ДТ и ЖКХ» МР «Цумадинский район» | Мусалов Абдурашид Магомедович |
| | | 2.Гаджимагомедов Мурад Саидахмедович | Ведущий специалист ОПР и ИТ администрации МР «Цумадинский район» | Гаджимагомедов Магомед Анварович |

## Силди росдал администрациялъул бетIер вищана

14 январалда Силди росдал депутатаз цIидасан росдал администрациялъул бетIерлъун вищана НурмухIамадов МухIамад ХIусейнович.

МухIамад ХIусейнович гьавуна 1964 соналъ Силди росулъ. 1985 соналъ лъугIизабуна Буйнакск шагьаралда педагогикияб колледж, 1991 соналъ - Дагъистаналъул пачалихъияб педагогикияб институт (географиялъулаб факультет), 2015 соналъ - институт финансов и права.

ХIалтIана Силди росдал школалда учительлъун. 2020 соналъул сентябралдаса нахъе хIалтIулев вуго Силди росдал администрациялъул бетIерлъун.

## Огь замана, замана

Нилъерал рикIкIад гьарун,
Чидар гIагар гьарулеб
Огь замана, замана!
Кинаб гIумру бачIараб?

ГIелму рикIкIадги гьабун,
ГIарац тIалаб гьабулеб.
ГIалимзабазда гьоркьоб
Рикьалаби цIикIкIараб.

Эбел-эмен, кIудиял,
РикIкIад гьарун хьвадулеб.
ГIисиназ кIудиязе
ГIакълу кьолеб замана.

КIи-кIи руччаби рачин
Модалъунги лъугьараб,
Россабазухъ руччабаз
ГIин балареб замана.

Бихьинахъан ихтияр
Гьазухъ кьураб замана.
Жидой бокьухъ гурого
Гьел чIолареб замана.

Лъималаз эбел-инсул
Адаб тараб замана.
Гьобол-гьудул кIочараб
Чара хвараб замана.

ГIетI бацIцIун, хIалтIи гьабун
ХIалалаб хинкI жибго тун.
Химия гьорлъ цIикIкIараб,
ТIагIам кваналеб заман.

Гьелъул унтаби цIикIкIун,
Халкъ гъурулеб замана.
Больницаби гIемерлъун,
Бизнес гьабулеб заман.

Лъелго умумул хьвадун,
ХIатIал гьорон рукIарал
КIи-кIи машина рекIун,
Нух кьолареб замана.

Унтун бусада гурев,
ГIадан хола вукIинчIеб,
Маххалъ гIадан гъурулеб
Кинаб щвараб замана?

Щибаб къотIноб, сверуда
Мажгитал гIемерлъараб.
Жанир хьвадун, как балел
КъанагIатаб замана.

КъуръгIан цIалун хIафизал
Гьарзалъараб замана,
Гьелъул адаб цIунарал,
Дагьлъун ккараб замана.

**Давудов ХIабиб,**
Метрада росу

## Бюджет администрации сельского поселения «Сельсовет Хваршинский» на 2026 год и плановый период 2027-2028 г.г.

**(тыс. руб.)**

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2026 | 2027 | 2028 |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| **1** | Налог на дох. физ. лиц | 46,4 | 46,4 | 46,4 |
| **2** | Налог на имущества | 4,3 | 4,3 | 4,3 |
| **3** | Земельный налог | 12,0 | 12,0 | 12,0 |
| **4** | Сельхоз налог | 4,5 | 4,5 | 4,5 |
| **5** | Неналоговые доходы | 69,0 | 69,0 | 69,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **136,2** | **136,2** | **136,2** |
| | Трансферты | | | |
| **1** | Объем дотаций | 2157,0 | 1382,0 | 2425,0 |
| **2** | Дотация на частич компен. | | | |
| **3** | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | |
| **4** | Субвен. ВУС | 257,2 | 295,0 | 372,6 |
| | Итого | 2414,2 | 1677,0 | 2797,6 |
| | Всего доходов | 2550,4 | 1813,2 | 2933,8 |
| | | | | |
| | Расходы: | | | |
| **1** | Аппарат | 1663,6 | 1303,2 | 1839,5 |
| | в т.ч. зарплата | 1246,9 | 880,2 | 1202,5 |
| 2 | Проведение выборов | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| 3 | Резервный фонд | | | |
| **4** | ЗАГС | | | |
| **5** | ВУС | 257,2 | 295,0 | 372,6 |
| | в т.ч. зарплата | 186,9 | 131,0 | 145,0 |
| 6 | ЖКХ | 452,1 | 0,0 | 416,2 |
| **7** | Молодёжная политика | | | |
| **8** | Культура | 167,5 | 215,0 | 295,5 |
| | в т.ч. зарплата | 128,6 | 165,0 | 227,0 |
| **9** | ФК и спорт | 10,0 | 0,0 | 10,0 |
| | Всего расходов | 2550,4 | 1813,2 | 2933,8 |
| | в т.ч. зарплата | 1562,4 | 1176,2 | 1574,5 |

**Председатель Собрания детутатов**
**сельского поселения «Сельсовет Хваршинский» З. Бадрудинов**

## Бюджет администрации сельского поселения «Сельсовет Хуштадинский» на 2026 год и плановый период 2027-2028 г.г.

**(тыс. руб.)**

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2026 | 2027 | **2028** |
|---|---|---|---|---|
| | **2** | **3** | **4** | **5** |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| **1** | Налог на дох. физ. лиц | 178,1 | 178,1 | 178,1 |
| 2 | Налог на имущества | 30,0 | 30,0 | 30,0 |
| **3** | Земельный налог | 18,0 | 18,0 | 18,0 |
| **4** | Сельхоз налог | 15,8 | 15,8 | 15,8 |
| **5** | Прочие налоговые доходы | 48,0 | 48,0 | 48,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **289,9** | **289,9** | **289,9** |
| | **Трансферты** | | | |
| **1** | Объем дотаций | 4116,0 | 2619,0 | 4596 |
| **2** | Дотация на частич компен. | | | |
| **3** | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | |
| **4** | Субвен. ВУС | 257,2 | 295,0 | 372,6 |
| | **Итого** | 4373,2 | 2914 | 4968,6 |
| | **Всего доходов** | 4663,1 | 3203,9 | 5258,5 |
| | | | | |
| | **Расходы:** | | | |
| **1** | Аппарат | 3324,1 | 2503,9 | 3447,9 |
| | в т.ч. зарплата | 2018,9 | 1800,0 | 2018,9 |
| **2** | Проведение выборов | | | |
| **3** | Мероприятия по землепольз | 78,0 | | |
| **4** | ЗАГС | | | |
| **5** | ВУС | 257,2 | 295,0 | 372,6 |
| | в т.ч. зарплата | 186,9 | 212,0 | 256,0 |
| **6** | ЖКХ | 685,0 | 150,0 | 1183,0 |
| **7** | Молодёжная политика | | 5,0 | 5,0 |
| **8** | Культура | 238,8 | 170,0 | 170,0 |
| | в т.ч. зарплата | 135,0 | 92,0 | 92,0 |
| **9** | ФК и спорт | 80,0 | 80,0 | 80,0 |
| | **Всего расходов** | 4663,1 | 3203,9 | 5258,5 |
| | в т.ч. зарплата | 2340,8 | 2104,0 | 2366,9 |

**Председатель Собрания детутатов**
**сельского поселения «Сельсовет Хуштадинский» М. Гамзатов**

## Бюджет администрации сельского поселения «Сельсовет Н-Хваршининский» на 2026 год и плановый период 2027-2028 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2026 | 2027 | 2028 |
|---|---|---|---|---|
| | **2** | **3** | **4** | **5** |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| **1** | Налог на дох. физ. лиц | 4,1 | 4,1 | 4,1 |
| **2** | Налог на имущества | 6,5 | 6,5 | 6,5 |
| **3** | Земельный налог | 7,0 | 7,0 | 7,0 |
| **4** | Сельхоз налог | 1,3 | 1,3 | 1,3 |
| **5** | Прочие неналоговые доходы | 35,0 | 35,0 | 35,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **53,9** | **53,9** | **53,9** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2301,0 | 1456,0 | 2554,0 |
| **2** | Субвенция ВУС | 257,2 | 295,0 | 372,6 |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| | | | | |
| | **Итого** | 2558,2 | 1751,0 | 2926,6 |
| | **Всего доходов** | 2612,1 | 1804,9 | 2980,5 |
| | | | | |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | Аппарат | 1878,6 | 1165,9 | 1875,9 |
| | в т.ч. зарплата | 1166,0 | 568,0 | 1142,0 |
| **2** | ВУС | 257,2 | 295,0 | 372,6 |
| | в т.ч. зарплата | 187,0 | 187,0 | 187,0 |
| **3** | ЖКХ | 169,0 | 155,0 | 543,0 |
| 4 | Молодёжная политика | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| **5** | Культура | 307,3 | 179,0 | 179,0 |
| | в т.ч. зарплата | 224,0 | 137,0 | 137,0 |
| **6** | ФК и спорт | 0,0 | 10,0 | 10,0 |
| | **Всего расходов** | 2612,1 | 1804,9 | 2980,5 |
| | в т.ч. зарплата | 1577,0 | 892,0 | 1466,0 |

**Председатель Собрания детутатов**
**сельского поселения «Сельсовет Н.Хваршининский» Ш.Абакаров**

## Бюджет администрации сельского поселения «Село Сильди» на 2026 год и плановый период 2027-2028 г.г.

**(тыс. руб.)**

| № п/п | **Наименование показателей** | **сумма 2026** | **2027** | **2028** |
|---|---|---|---|---|
| | **2** | **3** | **4** | **5** |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| **1** | Налог на дох. физ. лиц | 23,5 | 23,5 | 23,5 |
| **2** | Налог на имущества | 3,2 | 3,2 | 3,2 |
| **3** | Земельный налог | 9,0 | 9,0 | 9,0 |
| **4** | Сельхоз налог | 1,3 | 1,3 | 1,3 |
| **5** | Неналоговые доходы | 46,0 | 46,0 | 46,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **83,0** | **83,0** | **83,0** |
| | **Трансферты** | | | |
| **1** | Объем дотаций | 1232,0 | 768,0 | 1347,0 |
| **3** | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | |
| **4** | Субвен. ВУС | 257,2 | 295,0 | 372,6 |
| | **Итого** | **1489,2** | **1063,0** | **1719,6** |
| | **Всего доходов** | **1572,2** | **1146,0** | **1802,6** |
| | | | | |
| | **Расходы:** | | | |
| **1** | **Аппарат** | **1180,6** | **807,2** | **807,2** |
| | в т.ч. зарплата | 891,4 | 620,0 | 620,0 |
| **2** | **Проведение выборов** | **0,0** | **0,0** | **0,0** |
| **3** | **Резервный фонд** | **0,0** | **0,0** | **0,0** |
| **4** | **ЗАГС** | **0,0** | **0,0** | **0,0** |
| **5** | **ВУС** | **257,2** | **295,0** | **372,6** |
| | в т.ч. зарплата | 186,9 | 136,0 | 136,0 |
| **6** | **ЖКХ** | **114,4** | **43,8** | **622,8** |
| **7** | **Молодёжная политика** | **0,0** | **0,0** | **0,0** |
| **8** | **Культура** | **0,0** | **0,0** | **0,0** |
| | в т.ч. зарплата | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| **9** | **ФК и спорт** | **20,0** | **0,0** | **0,0** |
| | **Всего расходов** | **1572,2** | **1146,0** | **1802,6** |
| | в т.ч. зарплата | 1078,3 | 756,0 | 756,0 |

**Председатель Собрания детутатов**
**сельского поселения «Село Сильди» А. Абдурахманов**

ОМВД

# Нормы миграционного законодательства

Миграционный пункт ОМВД России по Цумадинскому району во избежание нарушений закона и последствии применения санкционных мер, разъясняет нормы миграционного законодательства.

Согласно ч. 1 ст. 13 Федерального закона от 25.07.2002 № 115-ФЗ «О правовом положении иностранных граждан в Российской Федерации» иностранные граждане пользуются правом свободно распоряжаться своими способностями к труду, выбирать род деятельности и профессию, а также правом на свободное использование своих способностей и имущества для предпринимательской и иной не запрещенной законом экономической деятельности с учетом ограничений, предусмотренных федеральным законом.

В силу требования ч. 4 ст. 13 Федерального закона № 115 работодатель и заказчик работ (услуг) имеют право привлекать и использовать иностранных работников при наличии разрешения на привлечение и использование иностранных работников, а иностранный гражданин имеет право осуществлять трудовую деятельность в случае, если он достиг возраста восемнадцати лет, при наличии разрешения на работу или патента.

Частью 2 ст. 13.3 Федерального закона № 115 определено, что для получения патента иностранный гражданин в течение 30 календарных дней со дня въезда в Российскую Федерацию представляет лично или через уполномоченную субъектом Российской Федерации организацию, указанную в пункте 9 статьи 13 настоящего Федерального закона, в территориальный орган федерального органа исполнительной власти в сфере внутренних дел, помимо прочего и миграционную карту с указанием работы как цели визита в Российскую Федерацию.

При этом исходя из внесенных Федеральным законом от 14.07.2022 № 357-ФЗ изменений в Федеральный закон № 115, иностранный гражданин, прибывший в Российскую Федерацию в целях, не связанных с осуществлением трудовой деятельности, имеет право на осуществление трудовой деятельности в случае изменения цели своего визита в Российскую Федерацию, о чем он указывает в заявлении о выдаче патента. При выдаче такому иностранному гражданину патента целью его визита в Российскую Федерацию считается работа.

В виду указанных положений и с целью избежания нарушения закона, настоятельно предупреждаем иностранных граждан, принимающую их сторону, а также работодателей об ответственности за незаконное осуществление и привлечение к труду в Российской Федерации иностранных граждан без соответствующих разрешительных документов (патентов) и без подачи в Управление уведомлений о заключении (расторжении) с иностранным гражданином трудового или гражданско-правового договоров

Доводим до сведения иностранных граждан, принимающей стороны и их работодателей о вступивших в силу нововведениях в законодательстве Российской Федерации в сфере миграции, в частности вступивших в законную силу с 07.01.2024, изменений предусматривающих, что в течение 2 месяцев со дня выдачи патента иностранный гражданин обязан представить лично, либо направить почтовым отправлением с уведомлением о вручении, либо направить в форме электронного документа с использованием единого портала государственных и муниципальных услуг в территориальный орган федерального органа исполнительной власти в сфере внутренних дел, выдавший патент- Управление по вопросам миграции МВД по РД, уведомление об осуществлении трудовой деятельности, вне зависимости от категории работодателя.

Помимо этого разъясняем, что форма и порядок подачи указанного уведомления установлена Приказом МВД России от 05.09.2023 № 6553, а также то, что согласно пп. 4 п. 22 ст. 13.3 Федерального закона № 115 выданный иностранному гражданину патент аннулируется территориальным органом федерального органа исполнительной власти в сфере внутренних дел в случае непредставления в соответствии с п. 7 ст. 13.3 Федерального закона № 115 в территориальный орган федерального органа исполнительной власти в сфере внутренних дел выдавший патент уведомления и копии трудового договора или гражданско-правового договора на выполнение работ (оказание услуг).

**З.Магомеднабиев,** начальник МП ОМВД России по Цумадинскому району

Эркенаб гугари

# ЦIумадисезул бергьенлъаби



Араб анкьил ахиралда Грозныялда тIобитIана г1олилазда гьоркьоб (U21) эркенаб гугуриялъул рахъалъ СКФО-ялъул первенство.

Къецазда гIахьаллъи гьабуна 300-ялдаса цIикIкIун спортсменас. ГIемерал рукIана гьенир балагьаразе бокьарал дандчIваял. ЛъикI цере рахъана гьенир нилъер районалъул гугарухъабиги.

79 кг. цIайиялда месединал медаль щвана ТIиндиса ГIалибахIарчиев МухIамадие. ГIарцулал медалал щвана Силдиса МухIамадов МухIамадрасулие (61кг.) ва ТIиндиса ТупагIалиев ГIусмание (125 кг.). Гьадириса КъурамухIамад МалахIусеновасе (125 кг.) ва Силдиса Мух1амад Мух1амадов(65 кг.) щвана мазгарул медалал.

ХIалчIахъадал! ЦIумадисез ракI-ракIалъ баркулеб буго спортсменазда бергьенлъаби ва гьарулеб буго гьезие щулияб сахлъи, хадур-хадурги бергьенлъаби щвей.

**Шамил Бадрудинов**

Кици

## Нохъо бацIцIалъиларо, нохъо чороклъулеб гIамал течIони

«Нохъочорок! Нохъочорок!»- абун рогьо бан буго цо хIинчIалъ кидаго жиндир бусен бигун букIунеб цоги хIинчIалде. Чорокаб хIинчIалъ абун буго: «Доб нохъояли некIого тараб дица». Рогьо баралъ жаваб кьун буго: «Нохъо тунилан, нохъо бацIцIалъиларо, нохъо чороклъулеб гIамал течIони».

Газпром

# Мы готовы обеспечить теплую зиму...

«Газпром межрегионгаз Махачкала» обращается к населению республики Дагестан погасить накопившиеся долги за газ в январе 2026.

Поставщик газа в Дагестане напоминает абонентам о необходимости своевременных ежемесячных расчётов за потреблённый газ. На сегодняшний день организована удобная дистанционная оплата за газ, когда не выходя из дома, не тратя время на дорогу и на очереди у кассы можно внести очередной платеж. Уже каждый четвертый дагестанский потребитель газа оплачивает через «Личный кабинет абонента» на сайте поставщика www.mkala-mrg.ru. Важно – оплачивать за газ можно БЕЗ КОМИСИИ.

Через «Личный кабинет» рекомендуется оплачивать за газ используемый в домах в селе, за родителей и взрослых детей, за квартиры и дома сдаваемые в аренду. Эта функция также удобна для дагестанцев, которые живут за пределами республики и но имеют газифицированное жилье в Дагестане. Чтобы большие долги не были неприятным сюрпризом – отслеживайте начисления в «Личном кабинете».

Для потребителей газа в ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» также организована работа «Контакт центра». По бесплатному номеру 8-800-200-98-04 абоненты могут узнать сумму своей задолженности, а также получить ответы на все вопросы, касающиеся имеющейся задолженности.

## Бюджет администрации сельского поселения «Село Тлондода» на 2026 год и плановый период 2027-2028 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма | | |
|---|---|---|---|---|
| | | 2026 | 2027 | 2028 |
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 19,6 | 19,6 | 19,6 |
| 2 | Налог на имущества | 6,5 | 6,5, | 6,5 |
| 3 | Земельный налог | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 7,2 | 7,2 | 7,2 |
| 5 | Прочие неналоговые доходы | 28,0 | 28,0 | 28,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **66,3** | **66,3** | **66,3** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2295,0 | 1338,0 | 2348,0 |
| 2 | Субвен. ВУС | 267,2 | 307,0 | 386,6 |
| | **Итого** | 2562,2 | 1645,0 | 2734,6 |
| | **Всего доходов** | 2628,5 | 1711,3 | 2800,9 |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | Аппарат | 1294,8 | 1176,3 | 1259,3 |
| | в т.ч. зарплата | 776,5 | 720 | 776,5 |
| 2 | Мероприятия по землепольз | 45,0 | | |
| 3 | ВУС | 267,2 | 307,0 | 386,6 |
| | в т.ч. зарплата | 195,1 | 206,0 | 235,0 |
| 4 | ЖКХ | 699,7 | 50,0 | 833,2 |
| 5 | Культура | 178 | 178 | 178 |
| | в т.ч. зарплата | 134,4 | 134,4 | 134,4 |
| 6 | ФК и спорт | 143,8 | 0 | 143,8 |
| | **Всего расходов** | 2628,5 | 1711,3 | 2800,9 |
| | в т.ч. зарплата | 1106,0 | 1060,4 | 1145,9 |

**Председатель Собрания детутатов сельского поселения «Село Тлондода» Ш. Гитинов**

## Бюджет администрации сельского поселения «Село Метрада» на 2026 год и плановый период 2027-2028 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма | | |
|---|---|---|---|---|
| | | 2026 | 2027 | 2028 |
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 52,3 | 52,3 | 52,3 |
| 2 | Налог на имущества | 5,4 | 5,4 | 5,4 |
| 3 | Земельный налог | 9,0 | 9,0 | 9,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,3 | 1,3 | 1,3 |
| 5 | Неналоговые доходы | 29,0 | 29,0 | 29,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **97,0** | **97,0** | **97,0** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1497,0 | 1216,0 | 2133,0 |
| | | | | |
| 1 | Дотация на частич. компенс. | | | |
| 2 | Субвен. ВУС | 257,2 | 295,0 | 372,6 |
| | **Итого** | **1754,2** | **1511,0** | **2505,6** |
| | **Всего доходов** | **1851,2** | **1608,0** | **2602,6** |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1544,0** | **1231,0** | **2007,4** |
| | в т.ч. зарплата | 900,0 | 700,0 | 1200,0 |
| 1 | **ВУС** | **257,2** | **295,0** | **372,6** |
| | **в т.ч. зарплата** | **149,6** | **160,0** | **200,0** |
| 2 | **ЖКХ** | **45,0** | **77,0** | **192,6** |
| | в т.ч. зарплата | | | |
| 9 | **ФК и спорт** | **5,0** | **5,0** | **30,0** |
| | **Всего расходов** | **1851,2** | **1608,0** | **2602,6** |
| | в т.ч. зарплата | 1049,6 | 860,0 | 1400,0 |

**Председатель Собрания детутатов сельского поселения «Село Метрада» М.Магомедов**

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич (87273) 2-52-44

Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна

Техникияй редактор МухIамадова Батул МухIамадовна

Редакцияльул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул

«ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»

Тираж - 1009

Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Адрес электронной почты Golostsumady@mail.ru

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.